

Volume 2

Kreyòl/English

Palé NOW!

Aprann Anglè jodia!



2 CD Andan/2 CDs Inside

by Mackenson & Vanessa Massé

Kisa sa ye? / What is that?

Ki sak Internet/Entènèt? = What is the internet?

Internet = Se sa ou itilize pou'w ka ale sou nenpòt sit ou vle. Se sa ki ba'w aksè pou ka tcheke nenpòt enfòmasyon w'ap chache. Pa fwa fò'w peye pou li e fò'w genyen yon òdinatè oubyen yon telefòn ki ka aksè internet la pou'w ka itilize'l.

Ki sak Facebook? = What is Facebook?

Facebook = Se yon sit moun ale pou yo ka pale e pou yo ka wè zanmi oubyen fanmi yo. Anpil moun itilize sit sa a, espesyalman jèn yo. Ou ka mete mesaj, foto oubyen videyo sou paj ou pou tout moun ou byen avèk yo ka wè. Fò'w enskri pou sit sa pou'w ka itilize'l. Tcheke www.facebook.com si'w vle vizite'l.

Ki sak Twitter? = What is Twitter?

Twitter = Se yon sit kote ou ka ekri mesaj pou zanmi'w oubyen pou moun k'ap swiv ou ka wè. Anpil moun ki nan Mizik, Leta, etc..., itilize sit sa a pou yo ka kominike avèk moun ki renmen yo. Fò'w enskri pou li pou'w ka itilize'l. www.twitter.com si'w vle vizite'l.

Ki sak YouTube? = What is YouTube?

YouTube = Se yon sit moun ale pou yo ka mete oubyen gade videyo. Gen tout kalite videyo sou sit sa. Ou ka gade videyo mizik, fim, jan pou fè manje. Nenpòt bagay ou vle gade, plizyè fwa w'ap jwen li sou sit sa. Ou pa bezwen enskri pou li, jis al ladan e mete non sa ou vle gade a, men si ou vle mete videyo pa'w fò'w enskri. www.youtube.com si ou vle vizite'l.

Ki sak Instagram? = What is Instagram?

Instagram = Se yon sit tankou Facebook, men se sou telefòn ou itilize'l. Anpil moun itilize'l pou yo ka montre moun k'ap swiv yo foto yo. Anpil nan jèn yo itilize sit sa a. Ou ka kite mesaj sou foto moun nan. Fò'w enskri pou li pou'w ka itilize'l.



Jean



Amy and Pierre

J: Alo Pierre, sa k'ap fèt? = **Hello Pierre, what's going on?**

P: Pa anpil non, e ou menm? = **Not much, and you?**

J: Pa twò mal, kilès sa avè'w? = **Not too bad, who is that with you?**

P: Oh, padon, sa a se menaj mwen Amy. = **Oh, sorry, this is my girlfriend Amy.**

J: Alo Amy, mwen kontan rekonèt ou. = **Hello Amy, I am happy to meet you.**

A: Mwen menm tou Jean, m'kontan rekonèt ou./**Me too Jean, I'm happy to meet you.**

J: Pierre, ki kote Amy rete? = **Pierre, where does Amy live?**

P: Li rete jis Somerville. = **She lives all the way in Somerville.**

J: Oh oke, kisa n'ap fè aswè-a? = **Oh OK, what are you guys doing tonight?**

P: Aswè-a, nou pral nan sinema. = **Tonight, we are going to the movies.**

P: E ou menm, kisa w'ap fè? = **And you, what are you doing?**

J: Mwen poko konnen non. = **I don't know yet.**

P: Enben, nou prale, n'a pale pita. = **Well, we're about to go, we'll talk later.**

J: Oke, pase yon bòn nwit. = **OK, have a good night.**

P: Ou menm tou. = **You too.**

Lè ou vle ale yon kote / When you want to go somewhere.

Egzanp: Mwen vle ale nan pak la.
I want to go to the park.

<u>Sijè</u>
Mwen/I
Ou/You
<i>*Li/He/She</i>
Nou/We
Yo/They
Jean
<i>*Zanmi'm/ My friend</i>
<i>*Tout moun/ Everyone</i>
<i>*Youn nan nou/ One of us/you</i>
<i>*Youn nan yo/ One of them</i>

vle ale
want to go
**wants to go*

pa vle ale
don't want to go
**does not want to go*
Pa't vle ale
didn't want to go

bezwen ale
need to go
**needs to go*

pa bezwen ale
don't need to go
**does not need to go*
(pa't) didn't need to go

ta renmen ale
would like to go

pa ta renmen ale
would not like to go

Kesyon/Questions
(mete sijè a apre "èske")
Èske (sijè) ta renmen ale
Would (sijè) like to go


Lokasyon

nan lopital la/**to the hospital.**
nan makèt la/**to the market.**
nan pak la/**to the park.**
nan plaj la/**to the beach.**
nan sèvis la/**to the service**
nan bibliotèk la/**to the library.**
nan twalèt la/**to the bathroom.**
nan sinema/**to the movies.**
nan kwafe a/**to the barber.**
nan konsè a/**to the concert.**
nan magazen an/**to the store.**
nan restoran an/**to the restaurant.**
nan famasi an/**to the pharmacy.**
nan reyinyon an/**to the meeting.**
nan reyinyon an/**to the reunion.**
nan salon an/**to the living room.**
nan chanm nan/**to (in) the room.**
nan kizin nan/**to the kitchen.**
nan peyi sa/**to that country.**
nan kolèj sa/**to that college.**
travay/**to work.**
legliz/**to church.**
lekòl/**to school.**/kolèj/**to college.**
Ayiti/**to Haiti.**
lakay Jean/**to Jean's house.**
lakay li/yo/**to his/their house.**
lakay mwen/li/**to my/her house.**
andan/**inside.** - deyò a/**outside.**
danse/**dancing**

Pou fè yon non pliryèl, plizyè fwa w'ap mete yon 's' nan fen mo a.

Egzanp/Example:


Chat = Cat



Kote chat la? = **Where is the cat?**

Gade chat la. = **Look at the cat.**

Chat yo (chat) = Cats



Kote chat yo. = **Where are the cats?**

Mwen pa renmen chat. = **I don't like cats. ..**

Si non an fini avèk - s, - z, - x, - ch oubyen - sh, itilize 'es' nan fen mo a.

Egzanp/Example:

Mont = Watch




Mont sa bèl. = **This watch is nice.** - Mont sa yo bèl. = **These watches are nice.**

Legliz sa bèl. = **This church is nice.** - Legliz sa yo bèl. = **Those churches are nice.**


Mwen toujou lave asyèt yo. = **I always wash the plates (dishes).**

Mont yo = The Watches (watches)



*Gen kèk non ki pa chanje menm si li pliryèl. Pawason/pwason yo = **Fish.** Sèf/Sèf yo = **Deer.** Mouton/Mouton yo = **Sheep.** Mande yon moun pou èd avèk non iregilye yo.

Leson sa yo on ti jan difisil, nou rekòmande ou etidye'l byen e mande yon moun pou èd.



Doktè a: Kisa k'ap anmède'w'? = **What is bothering you?**

Repons ou ka bay:

Mwen gen yon tèt fè mal. = **I have a headache.** = vant fè mal = **stomach ache.**

Mwen kwè mwen gen yon lafyèv. = **I think I have a fever.**

Mwen santi'm toudi. = **I feel dizzy.**

Mwen pa ka pran souf. = **I can't breathe.**

Lestomak mwen ap fè mal. = **My chest is hurting me.**

Li di kou'l ap fè'l mal. = **He said his neck is hurting him.**

Sik oubyen tansyon li twò wo. = **Her blood sugar or blood pressure is too high.**

Li fè mal la. = **It hurts here.**

Li grafonyen jenou'l. = **He scratched his knee.**

Li kwè li kase ponyèt li. = **He thinks he broke his arm.**

M'ap plede vomi. = **I keep vomiting.**



Kesyon ak Repons:

K: Kijan ou te tande de pozisyon sa? = **How did you hear about this position?**

R: Youn nan zanmi'm yo te di'm de li. = **One of my friends told me about it.**

R: Mwen te wè li nan yon jounal. = **I saw it in a newspaper.**

K: Kisa ki fè'w enterese nan travay sa a? = **What makes you interested in this job?**

R: Konpayi sa genyen yon bon repitasyon. = **This company has a good reputation.**

K: Poukisa ou vle travay pou nou? = **Why do you want to work for us?**

R: Paske'm konnen mwen ka fè travay la byen./Because I know I can do the job well.

R: Se kalite travay sa m'tap fè Ayiti. = **This is the type of job I was doing in Haiti.**

K: Ki kalifikasyon ou genyen? = **What qualifications do you have?**

R: M' gen eksperyans nan travay sa yo. = **I have experience in these types of jobs.**

R: Se sa mwen te etidye lekòl. = **This is what I studied in school.**

K: Poukisa ou te kite lòt travay ou a? = **Why did you leave your other job?**

R: Li te lè pou'm fè yon chanjman. = **It was time for me to make a change.**

K: Ki kote ou wè tèt ou nan senk an? = **Where do you see yourself in five years?**

R: Nan senk an, mwen ta renmen toujou ak konpayi a. = **In five years, I would like to still be with the company.**

Nan = plizyè fwa signifeye = “**In/On**”, ann Anglè ***A** signifeye ‘**At**’ lè w’ap pale de lè.

IN = Itilize ‘**In**’ avèk mwa oubyen ane yo. Itilize ‘**In**’ pou yon tan nan fiti a tou.

Egzanp/Example:

Nan Janvyè = **In January** - Nan Janvyè m’ap vini. = **In January I’m coming.**

Nan 1978 = **In 1978** - Sè mwen te fèt nan 1978. = **My sister was born in 1978.**

Nan kèk semen = **In a couple of weeks. / In a few weeks.**

Nan kèk jou = **In a couple of days. / In several days.**

ON = Itilize ‘**On**’ avèk jou nan semen nan e avèk dat yo.

Egzanp/Example:

Nan Dimanch = **On Sunday(s)** - Nan Dimanch sèlman. = **On Sundays only.**

Nan jou Nwèl = **On Christmas**-Ane pase nan jou Nwèl./**Last year on Christmas day.**

Nan yon lòt jou. = **On another day.** - Ale nan yon lòt jou. = **Go on another day.**

Nan 22 Oktòb = **On October 22nd** - Vini nan 22 Oktòb. = **Come on October 22nd.**

AT = Itilize ‘**at**’ avèk lè ki egzak - * **A** signifeye **At** lè w’ap pale de lè

Egzanp/Example:

A sizè = **At six o’clock** - L’ap vini a sizè. = **He’s coming at six o’clock.**

A dizè = **At ten o’clock** - A dizè n’ap manje. = **At ten o’clock we’re eating.**

A twazè = **At three o’clock** - A twazè m’ap chante = **At three o’clock I’m singing.**

A nenpòt lè ou vle. = **At whatever time you want.**

Nou pa konnen men a inè n’ap la./**We don’t know, but at one o’clock we’ll be there.**

***Nòt enpòtan:** Nan maten se = **In the morning**, nan apremidi se = **In the afternoon**
men, lan nwit se = **In the night** oubyen **At night***